



Odyans Piblik pou Otorizasyon Anviwònmantal

Kijan pou yo pwograme yon odyans?

Soumisyon Demann Pèmi

Anplwaye Divizyon an resevwa demann lan, analize l epi yo estime li konplè administratifman.

Emisyon notifikasyon piblik

Depatman an pibliye yon notifikasyon piblik nan jounal nan Delaware ak anliy pou anonse piblik la ke demann pèmi an te estime administratifman konplè, epi pou envite piblik la soumèt kòmantè, kesyon, ak yon demann pou yon odyans si yo swete fè sa.



Evalyasyon demann pou odyans lan

Yo evalye demann lan ak diskisyon ant endividi ki fè demann lan ak Divizyon Otorizasyon an, yon pwosesis ki ka ekzije evalyasyon adisyonèl. Si yo estime demann odyans lan jistifye, Depatman an kòmanse preparasyon pou yon odyans.

Kisa m ta dwe konnen konsènan pwosesis pwogramasyon odyans lan?

Dat Odyans Defini

Yo endike yon Ofisye Odyans epi yon dat odyans defini. Travay kòmanse sou kreyasyon paj wèb la pou odyans nan DNREC, sa ki pèmèt piblik la wè enfòmasyon sou demann pèmi a, ekspozisyon, kòmantè, ak lòt materyèl apwopriye.

Yo pibliye yon notifikasyon piblik pou anonse piblik la sou dat odyans lan

Depatman an pibliye yon notifikasyon piblik pou pwochen dat odyans lan. Yo ouvri dosye odyans lan pou aksepte kòmantè nan men piblik la nan moman sa a. Kòmantè alekri entegre imedyatman nan dosye odyans la depi yo resevwa yo. Yo pa ka retire oubyen elimine kòmantè apre yo fin soumèt yo.


Divizyon kòmanse preparasyon pou odyans

Endividi nan estaf la ki responsab pwograme yon jounalis tribinal, yon entèprèt (si sa nesesè), prepare ekspozisyon Depatman pou enklizyon nan dosye odyans lan epi prepare prezantasyon Depatman an pou odyans piblik la.

Kisa ki pase pandan/apre yon odyans piblik?

Yo fè odyans piblik la

Pandan odyans lan, Depatman an ak kandida a ka ofri prezantasyon ak temwayaj ekspè epi soumèt kèk ekspozisyon nan dosye a. Manm piblik la ki enskri davans ofri kòmantè andirèk. Pandan enfòmasyon ap ofri pa Depatman an ak demandè a pandan odyans lan, pa gen okenn opòtinite pou diskisyon oubyen kesyon nan moman sa a.



Apre odyans piblik la

Dosye a rete ouvri pandan yon minimòm 15 jou apre odyans lan pou yo ka resevwa kòmantè alekri. Kòmantè yo soumèt bay DNREC, sa enkli nenpòt enfòmasyon pèsone ki ka nan kò yon soumisyon, pral poste sou paj odyans DNREC epi yo ka rann yo disponib tou pou konsiltasyon anpèsòn.

Yo evalye kòmantè yo

Apre peryòd kòmantè a fèmen, estaf Divizyon an pral analize tout kòmantè ki te soumèt yo, epi, si nesesè, prepare yon Nòt Repons Teknik pou adrese enkyetid piblik la, ki pral apresa entegre nan dosye odyans lan. Divizyon Otorizasyon an ofri rekòmandasyon pou apwobasyon oubyen refi pou yon pèmi ansanm ak eksplikasyon syantifik ki apiye desizyon an. TRM lan vin disponib pou piblik la apre Sekretè a pibliye yon desizyon final.

Rapò Ofisye odyans lan prepare

Apre yo resevwa repons divizyon an pou enkyetid piblik la, Ofisye Odyans lan prepare rapò yo pou konsiderasyon Sekretè a. Rapò sa a fè rezime dosye odyans lan epi ofri rekòmandasyon pou Sekretè a dapre dosye ki konpile a.

Evalyasyon ak desizyon Sekretè

Sekretè DNREC a evalye an detay dosye odyans lan konplètman epi rann yon desizyon, ki dokimante nan yon Òdonans Sekretè. Òdonans Final Sekretè a pibliye sou sit wèb DNREC a, ansanm ak Rapò Ofisye Odyans lan, ak yon transkripsyon odyans piblik la, tout aksesib nan de.gov/dnrehearings.